WIKIPÉDIA

Basa Jamee

Basa Jamee kadangkala uga karan basa Aneuk Jamee ya iku sawiji basa karo dhialék Basa Minangkabo[1]. Basa Jamee dituturké déning Wong Aneuk Jamee. Basa iki kesebar ing pesisir Kabupatèn Acèh Kidul lan Kabupatèn Acèh Kulon ing Acèh. Ing taun 1981, panyatur basa iki ing Aceh Kidul ana 77.000 wong lan Aceh Kulon ana 10.000 wong[2]. Dhialék dhialék ing basa Jamee ya iku Tapaktuan, Samadua, Susoh, dan Meureubo. Sanajan basa iki dhialék basa Minangkabo nanging Wong Acèh ana kang nyebuté basa Jamee kang tegesé basa tamu utawa basa Baiko. Sebutan kang akhir kuwi dhuwé makna kang ora bagus sebab dianggep minangka wadanan. Wong Aneuk Jamee dhèwé luwih bungah nyebut basané kuwi Baso Jamu utawa Baso Jamee. Bèdhané dhialék antara basa Jamee karo basa Minangkabo didayani faktor asimiliasi karo Basa Acèh, Basa Indonésia, lan mligi Basa Malayu pesisir kang nyebar ing pesisir-pesisir Aceh, panggonan wong Aneuk Jamee. Ana kosa tembung basa ing basa Minangkabo iku kerungu kasar, nanging dadi kosa tembung kang biasa ing basa Jamee. Contoné tembung “wa ang” tegesé “kowé”. Liyané iku ana punggelan tembung kang basa Minangkabo, kaya déné tembung “wa ang” cukup dadi “ang” baé[2].

Basa Jamee	
Asal	Indonesia
Laladan	kabupatén Aceh Kidul, propinsi Aceh
Panyatur asli	(ora weru) (*tanpa surya*)
Kulawarga basa	Austronésia ▪ Melayu-Polinesia ▪ Melayu-Sumbawa ▪ Lor lan Wètan ▪ Melayik ▪ Melayu ▪ **Basa Jamee**
Kodhe basa	
ISO 639-2	`min`
ISO 639-3	`min`

Conto ukara

- Macut alah ka kadai, “Bu lik wis ana ing pasar”.
- Isuek adiek sandiri ka sakolah, “Sèsuk èsuk adhi dhèwé marang sekola”.
- Abang tangah mambaco, “Kangmas lagi maca”.
- Pacut mambuek lasueng, “Pak lik nggawé lesung”[2].

Rujukan

1. "Minangkabau" (https://www.ethnologue.com/language/min). *Ethnologue*.
2. Isas, Budiono (ed.) (1990). *MORFOLOGI DAN SINTAKSIS BAHASA JAMEE*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendldikan dan Kebudayaan. ISBN 979-459-078-9.

Dijupuk saka "https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Basa_Jamee&oldid=1436433"

Kaca iki pungkasan diowah nalika 10.24, 8 Maret 2018.

Tèks iki cumepak kanthi Lisènsi Atribusi-DumSaèmper Creative Commons; paugeran tambahan bokmanawa uga lumaku. Wacaa Paugeran Panganggo kanggo rerincèné.